# Авар мац1алъул викторина

## 6-7 классалъул ц1алдохъабазе

Х1адурана: Х1ажиева Мадинатица

Буртабазул гьоркьохъеб школалъул

авар мац1алъул ва адабияталъул муг1алим

**Мурадал:** Гьунар ва гъира бугел ц1алдохъабаз авар мац1алъул грамматика т1адеги гъваридго лъазаби. Ц1алдохъабазул лъай борцин, мац1 бечед гьаби.

## Викторинаялъулал т1адкъаял:

1. **Гьал раг1абазе лексикияб маг1на кье:**

Т1ут1, диван, мац1.

Тала, г1анса, ригь.

2. **Раг1абазулъ чан х1арп, гьаракь бугеб?**

Хансаъ, ях1ия, гьаюна.

Масъала, еэди, юргъан.

3. **Гьал раг1аби кин лъугьарал?**

Оцх1ут1, бетарахь, гьакибер, рет1ел-кун.

Дандерижи, зах1матчи, рагъ-кьал, квербац1.

4. **Синонимал рате:**

Рихараб, хашаб, унтарав.

Хинаб, мех, сон.

5. **Гьал фразеологиял сверелазе баян кье:**

Мугъ берцин гьабизе,
Бачалъ чудук г1адин.

Г1омо борлъизе,
Хъабчил г1арада гьабила.

6. **Бит1ун лъугьинабураб г1емерлъул форма бате:**

Ц1ц1еял, ц1ц1ани, ц1ц1анаби;
Кьуг1рул, кьаг1и, кьаг1аял.

Т1анч1ал, т1анч1аби, т1анч1и;
Х1амаби, х1амул, х1амаял.

7. Шарададаби:

«Ц1» - ялдасан байбихьун –

Дуда т1адаб иш кола.

«Къ» - ялдасан байбихьун –

Дун бертабалъ бухула.

«М» - ялдасан байбихьун

Дида т1асан рахуна.

«Ч» - ялдасан байбихьун

Азбар данде бачуна.

Амма «П», «В», ва «К», «Х1»

Х1арпал цере хъвани

Васазулгин ясазул

Хасал ц1аравл лъугьуна.

8. Цоялда ц1ар дун кола:

«Гъ» х1арп бакьулъ бугони,

Бет1ералда лъола дун.

«Гъ» хисун «М» х1арп хъвани,

Дунги хъван кеч1 ах1ула.

«Ч1» лъун байбихьани,

Ч1алг1аде хабар ккола.

«Хъ» - ялдасан абуни,

Рач1 гьеч1еб гьве лъугьуна.

9. Бицанк1аби.

А). К1алъалареб билълъунареб,

Г1ин гуреб, квер гуреб

Г1адамасда малълъарулеб. (Т1ехь)

Б). Жибго ч1ег1ер Т1анч1и г1емер. (хьаг)

В). Бер[redacted] каранда

Квер мугъалда,

К1ал г1адалъ.    (Гулгун)

Г). Рилълъанаг1ан халалъулеб жо.  (Нух)

Д). Эбел т1Егьанаг1ан,

Т1инч1мокъокъг1анаб.    (Ламадур).

**10. Кицаби лъуг1инаре:**

1. Кверал ракул ц1еч1они,……………
2. Лъик1ав чиясе цо раг1и…………..
3. Г1ор щун бук1аго………………………
4. Радал вахъарасул……………………
5. Чехьалда рихараб жо…………….
6. Гьари рекъараб…………………….
7. Гьт1инго гьабураб ц1али…………….
8. Анкьц1ул борце,………………………
9. Бет1ер х1алт1ич1они…………………
10. Гьудул г1емерасул…………………..

**Гьарила х1асилал. Бергьараб командаялъе гьит1инабго сайгъат кьела.**